**दिन– शनिवार** **दिनांक–17.05.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

केन्द्र सरकार पाकिस्तान प्रायोजित आतंकवाद के विरूद्ध भारतक दृष्टिकोण विभिन्न देश सभक समक्ष प्रस्तुत करबाक उद्देश्य सँ सात बहुदलीय प्रतिनिधिमंडल पठा रहल अछि। ई प्रतिनिधि मंडल एहि मासक अंत मे संयुक्त राष्ट्र सुरक्षा परिषदक सदस्य लोकनि सहित प्रमुख साझीदार देश सभक दौरा करताह। प्रतिनिधि मंडल मे विभिन्न राजनीतिक दल सभक सांसद, प्रमुख राजनीतिक व्यक्तित्व आ प्रतिष्ठित राजनयिक सम्मिलित कयल गेलाह अछि।

---

सर्वदलीय प्रतिनिधिमंडलक सदस्य आ जदयू सांसद संजय कुमार झा कहलनि जे देशक हित के लऽकऽ सभ राजनीतिक दल एकजुट अछि। ओ केन्द्र सरकारक एहि निर्णय के स्वागत करैत कहलनि जे ओ लोकनि विभिन्न देश सभक समक्ष आतंकवाद के लऽकऽ पाकिस्तानक चरित्र के सच्चाई सँ अवगत करौताह। श्री झा कहलनि जे पाकिस्तान जे भ्रम पसारि रहल अछि ओकरो समाप्त करताह। एम्हर, बिहार सरकार मे मंत्री मंगल पांडेय सेहो भारत सरकार द्वारा ऑपरेशन सिंदूर पर आन देश सभ के जनतब देबाक लेल बहुदलीय प्रतिनिधिमंडल पठाओल जयबाक स्वागत कयलनि।

---

जम्मू कश्मीर के कारगिल मे शहीद जवान नवादा के मनीष कुमारक पार्थिव शरीर आइ हुनक पैतृक गाम पांडेगंगोट आनल गेल। जतऽ हुनक अंतिम दर्शनक लेल भारी भीड़ उमड़ि पड़ल। शहीदक अंतिम यात्रा मे हजारों लोक सम्मिलित भेलाह। शहीद मनीष कुमारक अंतिम संस्कार पूरा सैनिक सम्मानक संग कयल गेल।

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी उनतीस आ तीस मई के दू दिवसीय दौरा पर बिहार अऔताह। भाजपाक प्रदेश अध्यक्ष डॉक्टर दिलीप जायसवाल जनौलनि जे प्रधानमंत्री के कार्यक्रम मे परिवर्तन कयल गेल अछि। श्री जायसवाल कहलनि जे पहिने प्रधानमंत्री के एक दिवसीय दौरा हेबाक छल मुदा आब ओ दू दिवसीय दौरा पर आबि रहल छथि। प्रधानमंत्री श्री मोदी उनतीस मई के पटना मे जयप्रकाश नारायण अंतर्राष्ट्रीय हवाई अड्डा के नव टर्मिनल भवनक उद्घाटन करताह। श्री मोदी तीस मई के सासाराम के विक्रमगंज मे जनसभा के संबोधित करताह। अगिला विधानसभा चुनाव आ ऑपरेशन सिंदूरक सफलता के संदर्भ मे प्रधानमंत्री के ई दौरा महत्वपूर्ण मानल जा रहल अछि। विदित अछि जे चौबीस अप्रील के राज्यक झंझारपुर मे आयोजित सभा मे प्रधानमंत्री आतंक के विरूद्ध कड़गर कार्रवाई के चेतावनी देने छलाह।

---

निर्वाचन आयुक्त डॉक्टर विवेक जोशी आइ अपन बिहार दौरा के दोसर दिन पूर्वी चंपारण जिलाक फिल्ड विजिट कयलनि। चुनाव आयुक्त मोतिहारी मे ईवीएम के फर्स्ट लेवल वेरिफिकेशन के प्रक्रिया देखलनि। ओ पूर्वी चंपारण के जिलाधिकारी सह जिला निर्वाचन अधिकारी सौरव जोरवाल आ आन पदाधिकारी लोकनि सँ जिला मे चुनाव तैयारी के विषय मे जनतब सेहो लेलनि। एहि दरमियान बिहारक मुख्य निर्वाचन पदाधिकारी विनोद सिंह गुंजियाल सेहो उपस्थित छलाह। डॉक्टर जोशी पश्चिम चंपारण जिला मुख्यालय बेतिया मे अधिकारी लोकनिक संग विधानसभा चुनावक तैयारी के लऽकऽ चर्चा कयलनि। निर्वाचन आयुक्त काल्हि वाल्मीकिनगर मे एसएसबीक के अधिकारी लोकनि संग समीक्षा बैसक करताह।

---

जदयूक वरिष्ठ नेता आ ग्रामीण विकास मंत्री श्रवण कुमार दावा कयलनि अछि जे विधानसभा चुनाव मे एनडीए दू सय पचहत्तरि सीट पर जीत हासिल करत। श्री कुमार मधुबनी के सर्किट हाउस मे संवाददाता लोकनि सँ गपशप करैत कहलनि जे एनडीए चुनाव प्रचारक दरमियान केंद्र आ राज्य सरकार द्वारा युवा लोकनि के नौकरी देबाक उपलब्धि के तौर पर प्रस्तुत करत। ओ कहलनि जे चुनाव सँ पहिने अड़तीस लाख लोकसभ के रोजगार देबाक लक्ष्य राखल गेल अछि।

---

जदयूक वरिष्ठ नेता के.सी त्यागी कहलनि अछि जे जातीय जनगणना पर आंतरिक कलह के कारणे नीतीश कुमार इंडिया गठबंधन छोड़ि देने छलाह। नव दिल्ली मे संवाददाता लोकनि सँ गपशप करैत श्री त्यागी कहलनि जे गठबंधन सँ दूरी हेबाक सभ सँ पैघ कारण इंडिया गठबंधन के दल सभक द्वारा जातीय आधारित जनगणना के विरोध करब रहल अछि।

---

राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां विगत दिन पटना के बीएन कॉलेज मे भेल हिंसक घटना मे सम्मिलित लोक सभक विरूद्ध कड़गर कार्रवाई करबाक निर्देश देलनि। श्री खां आइ पटना विश्वविद्यालय के बीएन कॉलेजक दौरा कयलनि। ओ कहलनि जे अनुशासनहीनता बर्दास्त नहि कयल जायत। राज्यपाल विश्वास दियौलनि अछि जे विश्वविद्यालय के शिक्षा हुनक प्राथमिकता आ सोझे जिम्मेवारी अछि। विदित अछि जे तेरह मई के बमबारी के घटना मे एक छात्र गंभीर रूप सँ घायल भऽ गेल छलाह। बाद मे इलाजक दरमियान हुनक मृत्यु भऽ गेलनि।

---

विश्वभरि मे आइ विश्व उच्च रक्तचाप दिवस–हाई ब्लड प्रेशर–डे मनाओल जा रहल अछि। एकर उद्देश्य हाई बीपी सँ संबंधित खतरा के विषय मे जागरूकता आनब आ एहि सँ बचबाक उपाय के प्रचार करब अछि।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ पटना स्मार्ट सिटी मिशन परियोजनाक अंतर्गत पटना जीपीओं गोलंबर के लऽग बकरी बाजार मे मल्टी मॉडल हॉल आ नव निर्मित सबवे के उद्घाटन कयलनि।

---

समाप्त भेल।